# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–09 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोकप्रिय संवाद कार्यक्रम 'परीक्षा पे चर्चा' के नउवां संस्करण के दौरान विद्यार्थियन से बतियवलें। आजु जारी कइल गइल एकर दुसरका वीडियो में उहां के परीक्षा के दौरान तनाव आ चिंता से निपटले के तरीका पर बातचीत कइलीं। श्री मोदी विद्यार्थियन के परीक्षा से परे देखले आ जीवन कौशल, खेल, रचनात्मकता अउर आत्म–विकास पर धियानो केन्द्रित करे बदे प्रेरित कइलें। प्रधानमंत्री 'वेड इन इंडिया' अभियानों क जिकिरि कइलें, जवन बिदेस के बजाय देसे में बियाह समारोह आयोजित करे बदे प्रोत्साहित करे ला।

*मैं मेरे देश की चीजें खरीदूगां। मैं भारत में जो चीजें बनी है, उसको लूगां। जैसे मैं कहता हूं वेड इन इंडिया। अब कुछ लोग पैसे वाले लोगों को लगता है कि दुबई में जाकर शादी करेंगे वहां। हिन्दुस्तान में क्या कमी है भई। हम सब देश के नागरिक छोटी–छोटी चीजों को करें। हम जरूर विकसित भारत बनाने में अपना दायित्व निभा सकते है।*

प्रधानमंत्री मोदी सफलता पावे बदे अनुसासन के जरूरति पर जोर दिहलें।

*अगर अनुशासन है ही नहीं, तो कितने ही इन्सपरेशन होगा, तो वो इन्सपरेशन किस काम का। मान लीजिए कि एक किसान है, उसको प्रेरणा मिल रही है बगल वाला किसान बहुत फसल कर रहा है। इन्सपरेशन है यार लेकिन ये जोतेगा नहीं और बारिश आ गई फिर वो कुछ भी करें, उसकी हालत खराब ही रहेगी।*

प्रधानमंत्री कहलें कि विद्यार्थियन के प्रौद्योगिकी पर निरभर भइले के बजाय एकर बुद्धिमानी से उपयोग करे के चाही।

*हमे किसी चीज से डरना नहीं चाहिए। हमारी कोशिश होनी चाहिए कि हम उसके गुलाम नहीं बनेंगे। मैं अपने जीवन में मैं ही निर्णायक रहूंगा वह मेरा मालिक नहीं बनेगा। जैसे कुछ बच्चों का है कि मोबाइल उनका मालिक बन गया है। अगर मोबाइल नहीं है तो खाना नहीं खा सकता है, टीवी नहीं है तो जी नहीं सकता।*

**********

उत्तर प्रदेश विधानसभा क बजट सत्र आजु से सुरू हो गइल। विधानसभा आ विधान परिषद के सयुक्त सत्र क सुरूआति राज्यपाल आनंदीबेन पटेल के अभिभासण से भइल। राज्यपाल अपने अभिभासण में प्रदेस सरकार के खास उपलब्धियन के गिनावत प्रयागराज में आयोजित महाकुंभ–दुइ हजार पचीस आ माघ मेला–दुइ हजार छब्बीस के सफलता क जिकिरि कइलिनि। उहां के कहलीं कि महाकुंभ में करीब छियासठ करोड़ सरधालु हिस्सा लिहले रहलें, जवन दुनिया क सबसे बड़हन मानव समागम हौ। राज्यपाल कहलिनि कि प्रदेस क कानून व्यवस्था पहिले से बढ़ियां भइल बा। करीब छौ करोड़ लोगि गरीबी रेखा से बहरे आइल हवें।

राज्यपाल के अभिभासण के दौरान बिपक्षी दल कुछु मुद्दन पर बिरोध जतवलें आ हंगामों कइलें। अभिभासण के बाद सदन बिहने सबेरे इग्यारह बजे तक खातिर स्थगित हो गइल।

**********

बजट सत्र से पहिले संवाददाता लोगिन के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि बजट सत्र में सरकार हर मुद्दा पर चरचा करे बदे तइयार बा।

*बजट सत्र में दो महत्वपूर्ण ऐजेंडे होते हैं, एक माननीय राज्यपाल जी का अभिभाषण और दूसरा सामान्य बजट। माननीय राज्यपाल जी का अभिभाषण वह सरकार की उपलब्धियों और भावी कार्ययोजना का सरकार का अपना एक दस्तावेज होता है, जिसे राज्यपाल जी के माध्यम से सदन के माध्यम से पूरे प्रदेश के जनता–जनार्दन को समर्पित किया जाता है और यह सभी माननीय सदस्य फिर उस पे चर्चा करते हैं।*

**********

उत्तर प्रदेश सरकार क वित्त आ संसदीय कार्य मंत्री सुरेश कुमार खन्ना आजु विधानसभा में प्रदेस क आर्थिक समीक्षा–दुइ हजार पचीस–छब्बीस प्रस्तुत कइलें। एगो रिपोर्ट–

*वित्त मंत्री सुरेश खन्ना ने कहा कि पिछले नौ सालों में बजट का आकार दोगुना हो गया है। श्री खन्ना ने कहा कि प्रदेश की अर्थव्यवस्था देश की सबसे बड़ी अर्थव्यवस्थाओं में से एक है। इसका आकार वर्ष दो हजार सोलह–सत्रह में 13.30 लाख करोड़ से दोगुना से अधिक बढ़कर वर्ष 2024–25 में 30.25 लाख करोड़ तक पहुंच गया है। वित्तीय वर्ष 2025–26 में 36 लाख करोड़ के आंकड़े तक पहुंचे की ओर अग्रसर है। उन्होंने कहा कि प्रदेश की प्रतिव्यक्ति आय सकल घरेलू उत्पाद के आधार पर वर्ष 2016–17 में 61 हजार 142 से बढ़कर 2024–25 में 1 लाख 26 हजार 304 हो गयी है। उत्तर प्रदेश की अर्थव्यवस्था में वर्ष 2024–25 के अनुसार कृषि एवं सम्बद्ध क्षेत्र का योगदान 25.8 प्रतिशत, औद्योगिक क्षेत्र का 27.2 प्रतिशत तथा सेवा क्षेत्र का 47 प्रतिशत है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।*

**********

मौसम विभाग अगिला तीनि दिन में प्रदेस क अधिकतम आ न्यूनतम तापमान धीरे–धीरे बढ़ले क पूर्वानुमान जतवले हौ।

**********